Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 27 (6658) 17 июнь 2019 с. Итни Шаввал 1440 с. Багьа эркенаб

БАРКИЯЛ

## Сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазул махщалилаб байрам

**ХIурматиял сахлъи цIуниялъул хIалтIухъаби!**

Районалъул экономика борхизабиялъе ва социалияб рахъ цебетIезабиялъе гIоло хIаракатал гIуцIарухъаби ккола гIадамал. Гьезул сахлъи цIуниялъул хъаравулзаби руго нуж – медицинаялъул хIалтIухъаби. Инсанасул сахлъи бараб буго нужеда, нужер махщел-лъаялда, бажариялда, ракIбацIцIадаб захIматалда. Нужеца хIаракат бахъулеб буго унтаразе лъикIаб хьулухъ гьабизе. РакIчIараб буго хадубккунги бакълъулазул сахлъи цIуниялъул хъаравулзабаз щивав унтарасул баркалаялъе мустахIикъаб хIалалда хIалтIи гIуцIизе, гIадамазул тIалаб ракIбацIцIадго гьабизе букIиналда.

РакI-ракIалъ баркула сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазда, щибаб соналъ хIурматалда кIодо гьабулеб медицинаялъул хIалтIухъанасул къо. Гьарула нужее талихI-рохелалъул цIураб халатаб гIумру, кидагосеб рохел, нужер макъу тараб, щивав инсанасе хIажатаб хIалтIулъ бергьенлъаби, махщалие камиллъи.

Бичанте кидаго нуж унтаразул баркалаялъул рагIабазе мустахIикъаллъун ва Гиппократил гьаялъе ритIухъаллъун хутIизе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

## Полициялъул участковиял инспекторазда баркула

Бакълъулазул росабалъ гIадлунизам цIуниялъул хъаравуллъуда ругел, гIодобе биччараб ахIвал-хIал, парахалъи букIинабизе хIаракат бахъулел полициялъул участковиял инспекторазда ракI-ракIалъ баркула гьезул махщалилаб байрам.

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, талихI, рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Куракул тIоцебесеб бачIин бакIарана

### Хъутабазда рагIи-херги бакIарулеб буго

**10 июналда районалъул администрациялда тIобитIана ахихъанлъи ва АПКялъул цогидалги бутIаби церетIезариялъул, гьединго кIвар бугел цогидалги суалал гьоркьор лъураб данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъул ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, районалъул администрациялъул аппаратальул, бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул, жамгIияталъул вакилзаби ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас бицана пенсионнияб страхованиялъул ва хIалтIухъабазе тестал тIоритIиялъул хIакъалъулъ. ДРялъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас информация кьуна роолил лагеразда хIухьбахъизе лъималазул цIияб къокъа гIуцIулеб бугин, пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьаби лъикI гIуцIун бугин.

Ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас абуна хасалил мучIдуздаса гIи гочин ахиралде щолеб бугин. ГIи чурулеб, гьел рахунел унтабаздаса цIуниялъе хIажатал ветеринариял хIалтIаби тIоритIулел ругин.



Июнь моцIалъул кIиабилеб декадаялда Дагъистаналда тIобитIизе буго, Москваялдаса хIалбихьи бугел кардиологаги рачIун, конференция. ГьабсагIат районалъул сахлъи цIуниялъул учреждениял хьезарун руго препаратаздалъун, лъедалъун, кванил нигIматаздалъун, гIуцIун руго гIадамазе медицинаялъул хъулухъ гьабиялъе хIажатал шартIал. Гьелъул хIакъалъулъ баян кьуна централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас.

Гьоркь Инхо росдал гIолилазда гьоркьор тIоритIана ЖабрагIилхIажи МухIамадов ракIалде щвеялъул турнир. ТIад Инхо росулъ тIобитIана Аслудин МухIамадовасул цIаралда турнир. Спортивиял байрамал гIуцIа-къан ана Лъанлъари, Кунзахъ, Килалъ, ЦIияб Килалъ ва цогидалги росабалъ. «Гумбет районалъул гIолилал» ДРОялъул вакилзаби гIахьаллъана чвахун цIадал ран рихханал минаби рацIцIад гьариялда. Бакълъулазул районалъул бетIерасул гIолилазул политикаялъул ва диниял суалазул рахъалъ кумекчи МухIамад Зубайировас бицана гьелъул хIакъалъулъ.

Районалъул информациялъулгун методикияб централъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас баян гьабуна ОГЭ ва ЕГЭ кьеялъул кампаниязул иналда, роолил лагеразда лъималаз хIухьбахъиялда ва лъайкьеялъул ишалда хурхарал цогидалги суалал.

«Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас абуна чвахун цIадал раялъул хIасилалда росулъ минаялъул цо бутIа бихханин, рехсана газ бачиналъул, лъедалъун хьезариялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал.

Районалъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас тIадчIей гьабуна ЦIияб Аргъвани ва Гьоркь Инхо росабалъ паркалъулал зонаби республикаялъулаб программаялда гьоркьоре рачун рукIиналда, МельелтIа-ГьагьалЪ шагьранухалъе капиталияб ремонт гьабиялъе проект бахъулеб, «БацIцIадаб лъим» программаялда гIахьаллъизе тадбир гьабулеб букIиналда.

Ингишо ва Гьоркь Инхо росабалъ ругел спортивиял залазе капиталияб ремонт гьабизе документал кьун руго. Бакълъулазул районалъ хIисабалде босун буго республикаялъул цогидалги программабазда гIахьаллъизе. Спорталъул бутIаялда бугеб хIалалъул баян кьуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)


НОМЕРАЛДА РУГО:



МельелтIаса ИсмагIил ГIусманов - Россиялъул мустахIикъав тохтур

-2 гьум.



Берал къанщунилан къадру холаро, Халкъ бахилаб гьунар бицаде тани

-2 гьум.



ГIолилал хIалтIана Гьоркь Инхор минаби риххарал бакIазда

-3 гьум.



Физиказе ва математиказе - шапакъатал

3 гьум.

# Куракул тIоцебесеб бачIин бакIарана

(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.) Бакълъулазул районалъул хьиндалазул ахакь гIезабула гIемер батIияб пихь. БакIарана куракул тIоцебесеб бачIин. Цудун барщулеб курак ахихьабаз бичулеб буго. Гьанжеялде гьеб нигIматалъул 25-ялдаса цIикIкIун тонна бичана.

ДРялъул росдал магIишаталъул министерствоялде битIана районалъул АПКялъе чвахун цIадалъ гьабураб заралъул мухIканал баянал.

Хьутабазда хер бецулеб буго, хIадурлъулел руго хасел бекь бакIариялде. АПКялда бугеб хIалалъул бицана районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.

Районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас баян гьабуна цо-цо учреждениязда жанисел финансовиял хал гьабиял тIоритIи, кIвар бугел суалал гIумруялде рахьинаризе росабазул поселениязул бутIрулгун ва цогидалги нухмалъулелгун цадахъ рекъон гьабулеб хIалтIул кIвар букIин.

Районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна маданиялгун хIухьбахъиялъул централда ва библиотекабазда Александр Пушкин гьавуралдаса 125 сон тIубаялъул хIурматалда, лъимал цIуниялъул къоялда,социализациялъул цебетIеялъул проектал ва тIадегIанлъиялъул хIалтIухьабазул тIоритIанин.

Районалъул финансовияб управлениялъул нухмалъулев РуруххIма Халидовас налогал ракIариялъул гьаб сонаялъул 5 моцIалъул баянал рицана ва киналго ахIана налогал ракIариялъул планал тIуразариялъе гIоло кьеркьезе. Бакълъулазул районалъул бетIерасул коррупциялда данде кьеркьеялъул рахъалъ кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас баян кьуна декларациялъулаб кампаниялъул цереккунисел хIасилазул.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас дандельиялъул хIасилал гьаруна, рихьизаруна щибаб идараялъул хIалтIулъ ругел гIолел гIоларел рахъал, киналго ахIана цебетIеялъул республикаялъулал программабазда гIахьаллъизе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ТIИБ

# МелъелтIаса ИсмагIил ГIусманов-Россиялъул мустахIикъав тохтур

### Россиялъул къоялъ Москваялъул бищун лъикIав тохтур ИсмагIил ГIусмановасе шапакъат кьуна



**Москваялъул мэр Сергей Собяниница Россиялъул президент Владимир Путинил рахъалдасан пачалихъиял шапакъатал кьуна Россиялъул къоялъ. Москваялъул сахлъи цIуниялъул Департаменталъул З.А. Башляевалъул цIаралда бугеб лъималазул клиническияб больницаялъул бетIерав тохтур, медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор, Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъа ИсмагIил ГIусмановасе кьуна «Россиялъул Федерациялъул мустахIикъав врач» абураб хIурматияб цIар. Сергей Собянинница ГIусмановасухье кьуна гьеб цIаралъул документал.**

Араб соналъул декабралда ИсмагIил ГIусмановасе щун букIана «Шагьаралъул бищун лъикIав тохтур» номинациялда шапакъатги.

«Москва шагьаралъул мэрас Владимир Путинил гьулбасалда гьоркь» Россиялъул Федерациялъул мустахIикъав врач» абураб шапакъат кьей дир кIудияб хIурмат гьабилъун ккола. Дица гьеб шапакъат рикIкIуна нижер больницаялъул тIолабго коллективалъе щвараблъун. Гьелдаго цадахъ, нилъер лъималазул сахлъи цIуни хадубккунги лъикIлъизабиялъе жавабчилъи дагьабги борхизабизе кколеблъун рикIкIуна. Баркула киназдаго Россиялъул къо!»,-ян хьвалеб буго З.А.Башляевалъул цIаралда бугеб лъималазул клиническияб больницаялъул бетIерав тохтурас социалиял гьинازда жиндирго гьумералда.

Районалъ ул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркана ИсмагIил ГIусмановасда гьеб тIадегIанаб шапакъат: «ХIурматияв ИсмагIил МухIамадгIагьирович! РакIракIалъ баркула дуда «Россиялъул Федерациялъул мустахIикъав врач» абураб цIар щвей. ТIолалго бакълъулазул ва дирго рахъалдасан гьаруна дуе хIалтIулъ бергьенлъаби, щулияб сахлъи».

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ, ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

# Берал къанщунилан къадру холаро, Халкъ бахилаб гьунар бицаде тани

### Аваразул хъвадарухъаби ракIалде щвеялъул тадбирал тIоритIана МахIачхъалаялда

**Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул авар адабияталъул секциялъул хIаракатаздалъун МахIачхъалаялда тIоритIана, гIумруялдаса ратIалъарал рагIул устарзаби ракIалде щвеялъул маданиялгун тарихиял тадбирал.**

«Дагъистаналъул художественнияб рагIул устарзабаз республикаялъул рухIияб ва маданияб гIумруялъулъ нахъа тана гвангъараб лъалкI. Дунялалъул адабияталъул меседилаб фондалде гьорлъе ана ЦIадаса ХIамзатил, Расул ХIамзатовасул,



Расул ХIамзатовасул литературияб музеялда тIобитIана «Эркенаб годекIан» гургинаб стол. Хадур шагIирзаби ва хъвадарухъаби щвана ЦIадаса ХIамзатил, Расул ХIамзатовасул, Фазу ГIалиевалъул, Муса МухIамадовасул ва цогидазулги хабатIе.

Тадбиразда гIахьаллъана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадов, ДРялъул хъвадарухъабазул Союзалъул авар адабияталъул секциялъул нухмалъулев, «Гьудулльи» журналалъул редактор МухIамад ПатахIов, аваразул СМИязул Ассоциациялъул председатель МухIамадрасул ГIумаров, «Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов, Даку Асадулаевасул гурхIелрахIмуялъул фондалъул нухмалъулев АсхIабгIали ХIасанов, шагIирзаби Шамил МухIидинов, ГIалихIажи МухIамадов, ХIажи ГIимранов, Макьсуд ЗайнулгIабидов, ГIайшат Малачиева, прозаик ПатIимат ГIабдурахIманова ва цогидалги.

Фазу ГIалиевалъул, Муса МухIамадовасул ва цогидазулги цIарал. Гьезул асарал лъугьана унго-унголъунги халкъиялльун, гьездасан рахьана фильмал, лъуна театразда спектаклял, гьезул рагIабазда ахIана дунялалда цIар рагIарал кучIдул. ГIолеб гIел куцазе ккола цIалуде гьира бугелльун, адабият бокьулелльун»,-ян абуна Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас.

«Гьудулльи» журналалъул редактор МухIамад ПатахIовас абуна: «Рамазан моцIалъ рагIул устарзабазул хабатIе зиярат гьаби лъикIаб иш ккола. XX гIасруялъул хъвадарухъабаз МугIрузул улкаялъул маданият бечед гьабуна. Гьез нахъе тараб рухIияб ирсалъ инсаниятальул къиматабщиналъе хьулухъ гьабула. Гьединал рагIул устарзабазе ритIухьаллъун рукIине ккола. Дагъистаналъул маданияталъул тарихалъулъе гьел ана художникал, рагIул устарзаби, кIудияб хIарпалдасан гIадамал хIисабалда»,-ян.

**«Гумбет» РИО**

ГIИД

# Ккурал кIалал ва рахъарал сахIал къабуллъаги!

### Бакълъулазул районалъул росабалъ рохалида кIодо гьабуна кIалбиччаялъул байрам

**5 июлалда Бакълъулазул районалъул росабалъ кIалбиччаялъул гIидалъул къоялъул хIурматалда рохалилал тадбирал тIоритIана. ГIадамаз зиярат гьабуна умумузул хабатIе, гьезул рухIаздаса дугIа гьабуна, закагIат-сахIал рахьана, мажгитахъ радалго гIидалъул как бана. Щвана байрам баркизе гIага-божаразухъе, мадугьалзабазухъе, гьудул-гьалмагъзабазухъе, гьуинлъаби кьун рохизаруна лъимал.**

«Рамазан моцI ва гьеб лъугIидал кIодо гьабулеб кIалбиччаялъул байрам ккола ТIадегIанав Аллагьас нилъее кьураб рахIмат-баракат.



Рамазан моцI ккола кIал кколеб, тIадеги какал ралеб, цоцада тIаса лъугьунеб, гурхIел-рахIмуялъул моцI. Цересел сонazго гIадин, исанаги Рамазан моцI бакълъулаз нухда регIана пайдаял, гурхIел-рахIмуялъул ишал гIемер гьарун, гIибадат жеги цIикIкIинабун.

Сагьри - ЦIияб Аргъвани - МелъелтIа шагьранух рагIалда сахаватчи МухIамад Шигьабудиновас бана гьитIинаб мажгит, нухлулазул рукъ ва Рамазан моцIалъ сапаралда ругез кIал биччазе чIобого квен кьезе кафе. ЧIиркъатIаса Шамил Ибрагьимовас банкетазул залалда щибаб къоялъ нухлулазе Рамазан моцIалъ кIал биччалезе хинаб квен кьуна. Гьединалго тадбирал тIоритIана Гьоркь Инхо ва цогидалги росабалъ.

Бакълъулазул районалъул администрациялъ, гIолилазул гIуцIабазгун, волонтеразгун, хIаракатчагIазгун цадахъ тIоритIана ифтарал-кIал биччаял районалъул ракьалдаги, гьелдаса къватIирехунги. Баркала ккола киналго сахаватчагIазе, хIаракатчагIазе, пайдаял ишал гIумруялде рахьинаруразе»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

# ТоргIо хIаялъул къецал тIоритIана

Бакълъулазул районалъул Гьоркь Инхо росдал гIолилазул хIаракатаздалъун тIобитIана ЖабрагIилхIажи МухIамадов ракIалде щвеялъул торгIо хIаялъул турнир.

ГIолилазда цере рахьун, насихIаталъулал кIалъаял гьаруна Гьоркь Инхо росдал гIолилазул гIуцIиялъул нухмалъулев СайгидахIмад МухIамадовас, ЖабрагIилхIажи МухIамадовасул васал ГIумар ва Салман МухIамадоваз, спонсорал АхIмад ГIабдулкаримовас, МухIамадгIали МусахIажиевас ва цогидазги.

Къецазда тIоцебесеб бакI «Имам Шамил-2» командаялъ, кIиабилеб – «Магьилъ», лъабабилеб – «Имам Шамил-1», ункъабилеб «Эрдах» командабаз ккуна.

**«Гумбет» РИО**

РОСДАЛ МАГIИШАТ

# 60 - азаргогIан гIиялъажо роолил мучIдузда парахалъана

**Роолил мучIдузде гIиял рехъаби гочинариялъул хIакъалъулъ Бакълъулазул районалъул ветеринарияб управлениялъул бетIерав врач, ДРялъул мустахIикъав ветврач СайгидмухIамад ГIабдулкъадировасулгун «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъул гьадинаб гара-чIвари ккана.**

**-СайгидмухIамад, районалда кин араб роолил мучIдузде гIи гочинаби?Гочине кида байбихьараб?**

- Ахирал соназда гIи мугIрузде гочин цудунго байбихьана 10 маялдаса. Гьелъие гIиллаги буго харил унтаби, нугI багъарилелде гIияз хасел тIамулеб ракьалдаса гIи хехго къватIир лъей Ихдал гIи гочин буго захIматаб ва цIикIкIун кIвар кьезе кколеб хIалтIи. Щайгурелъул, гьава-бакъ букIуна хIалада чIолареб, хисадулеб, квачараб, рачдалаб. Эбелаб лемагалда хадуб букIуна жеги цIубачIеб тIинчI гIи гочине ккола Бабаюрталъул, Гъизилюрталъул, Хасавюрталъул ракьаздасан. ГьитIинабан, кIудиябан 58 рехъен, ай 60 азаргогIанасеб гIи гочана. Гьеб кинабго гIи чурана. Гьаруна харил унтиялде данде уколал.

ГIи гочин кидагосеб хъаравуллъиялда букIана районалъул ветеринариял хIалтIухъабазул ва гьел кидаго къватIире рахъине хIадурал руго.

МугIрузде гIи щвана унта-щокълъи гьечIого, нухда квалквал ккечIого.

**- МагIарде рахиндал гьаризе кколел хIалтIаби?**

- МагIарде гIи баханин гIодоре риччан рукIине бегьуларо. МугIрузда рехъаби чIахIа гьаризе бегьуларо. Роолил мучIдуздаса битIун пайда босизе ккола ва гIияца мугIрул тезе ккола лъикIаб кьаралъиялда.

20 июлалдаса тIинчI батIа гьабизе ккола. Гьезул гьарула батIа-батIа рехъаби. Гьезие кьезе ккола цунтрузде данде дараби, гьарула сибирская язваялда, ящуралда, бруцеллезалда данде уколал. Бахъизе буго эбелаб бетIералдаса ва хьодуе толел куйдуздаса бруцеллез бугищан би, гьаризе руго гьелде данде уколал. МелъелтIа СПКялъул МелъелтIа «ГIияхъан», ЦIиликь 1 КФХязул (гьел ккола тайпадулал гIиял ругел магIишатал) куйдузул ва лемагазул цогIаги бетIер гъоркь течIого бахъизе буго би. ХIукуматалъ ООО, КФХ ва цогидалги магIишатазе гIи-боцIи хьихьараб гIарац кьезе гьечIо гIияе гьарурал уколазул, бахъараб биялъул хIужа чIезабулел документал гьечIого. Документал щвезе ккани гьеб хIалтIи тIубан букIине ккола.

**-ЧIегIер боцIиги мугIрузде рахана, гьезие дараби гьарунищ?**

- МугIрузде бахунеб 15-16 азарго гIанасеб боцIуе гьаруна сибирская язваялда, хIунсул унтиялда данде, щокърол унти баккулеб бакIазда гьелда данде уколал ва бахъана би. Гьел хIалтIаби гьариялда жигаралда хIалтIана Игьали, Инхо участкаялда ругел МелъелтIа, Ингишо, ЛъаратIа, ЦIунди-Щабдухъ ва цогидалги росабазул ветхIалтIухъаби. Гьел хIалтIаби бигьаго гьарунищан цIехани-гьаричIо, гьабуна кIудияб захIмалъиялда рокъорокъоре ун.

**Гара-чIвари гьабуна**
**ГIайшат Исламбиевалъ**

СПОРТ

# «Лаченалъул» роржен

### Дагъистаналдаса «Лачен» команда бергьана Санкт-Петербургалда футболалъул фестивалалда

**Халкъазда гьоркьосеб лъималазулгун гIолилазул футболалъул рахъалъ фестиваль тIобитIана Санкт-Петербургалда. Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул Министерствоялъул «Лачен» командаялъ бергьенлъи босана гьениб.**

2006 соналъ гьарурал лъимал цере рахъана гьел къецазда. Дагъистаналдаса гьитIинал спортсменал бергьана Пермалдаса, Севастополалдаса ва цогидалги регионаздаса командабаздаса. «Лачен» командаялда гъорлъ хIалев вукIана Бакълъулазул районалъул Ингишо росулъа АхIмад ХIабибов.

«Лачен» командаялъул тренер Мурза Мурзаевас абуна тренер Семен Валявскиясгун цадахъ футбол хIазе лъимал анлъго сон баралдаса ругьун гьарулин.

Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас Дагъистаналъул гьитIинал футболистазда баркана бергьенлъи ва загьир гьабуна щваралда гIей гьабун чIечIого, цIиял-цIиял спортивиял рорхалъабазде рахъин мурад букIин.

«КIудияб баркала кьола халкъазда гьоркьоб Маркаровасул спортшколаян цIар




машгьурлъараб ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул РДЮСШялъул ДОялъул ГБУялъул директор, СССРалъул спорталъул мастер Александр Маркаровасе, «Лачен» командаялъул тренерал Семен Валявскиясе, Мурза Мурзаевасе. Мурад буго халкъазда гьоркьосеб лъималазулгун гIолилазул футболалъул рахъалъ фестивалалда бергьенлъи щвей,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

# ЧIегIер ралъдал рагIалда хIухьбахъи гьабизе рес буго

**«Здоровье нации» автономнияб коммерческияб гуреб гIуцIиялъ баян кьолеб буго «Кинабго хъизан- сахлъиялъе гIоло» программаялда рекъон, рес бугилан ЧIегIер ралъдал рагIалда Крымалда хIухьбахъи гьабизе 8 къоялъ хъизабигун, жалго чIахIияцаги.**

8 къоялъул хIухьбахъиялъул багьа чIолеб буго кIудиязе 9800 гъурущ, лъималазе 4900 гъурущ, лъикIаб гостиницаялда цо бакIалъулъ.

Кванил багьа:

Радал квен 150-200 гъурущ, къаде квен 300-350 гъурущ, къаси квен 350-450 гъурущ.

ТIадеги баян хIажалъарас ахIизе бегьула 7-910 -321-82-82

| ХIухьбахъи гьабулел къоял |
|---|
| 25.06.2019-02.07.2019 |
| 02.07.2019-09.07.2019 |
| 09.07.2019-16.07.2019 |
| 16.07.2019-23.07.2019 |
| 23.07.2019-30.07.2019 |
| 30.07.2019-06.08.2019 |
| 06.08.2019-13.08.2019 |
| 13.08.2019-20.08.2019 |
| 20.08.2019-27.08.2019 |
| 27.08.2019-03.09.2019 |
| 03,09.2019-10.09.2019 |
| 10.09.2019-17.09.2019 |
| 17.09.2019-24.09.2019 |
| 24.09.2019-01.10.2019 |
| 01.10.2019-08.10.2019 |
| 08.10.2019-15.10.2019 |
| 15.10.2019-22.10.2019 |
| 22.10.2019-29.10.2019 |

# «Гумбет» басма- бакълъулазул тарих

### Подписка-2019

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2019 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвай.**

**Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги редакциялдасанги. Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2019 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.**

**КIиабилеб бащдаб лъагIалие багьа: почалдасан -247 гъурущ**

**Редакциялдасан – 125 гъурущ.**

**Информациялъул**
**«Гумбет» гIуцIи**

ГIЕЛМУ - ХАЗИНА

# Физиказе ва математиказе - шапакъатал

### Республикаялъул олимпиадабазда бергьарал цIалдохъабазе шапакъатал кьуна

**Бакълъулазул районалъул администрациялда шапакъатал кьуна республикаялъулал олимпиадабазда бергьарал цIалдохъабазе. Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас гьезие кьуна грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.**

Грамотаби ва призал щвана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан, районазда гьоркьосел ва республикаялъул хIисаб гIелмуялъул олимпиадабазул призер, республикаялъул тIаса бищараб командаялъул член МухIамад ХIажиевасе, МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 5 классалъул цIалдохъан, «Пифагор» хIисаб гIелмуялъул республикаялъул олимпиадаялда



бергьарав Юсуп Шамсудиновасе, ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан, авар мацIалъе республикаялъул олимпиадаялда бергьарай СалихIат Ибрагьимхановалъе, ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан, дунялалъул художественнияб культураялъул олимпиадаялда бергьенлъи босарай Пайзат МухIамадовалъе.

«Бокьун буго олимпиадабазде лъимал хIадурарал мугIалимазе баркала загьир гьабизе. Бергьенлъабиги хадурккунги гIемерлъаги. Щваралда гIей гьабичIого,кидаго церехун ине, тIадегIанал бергьенлъаби щвезе хъван батаги»,-ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# ГIолилал хIалтIана Гъоркь Инхор минаби рихxарал бакIазда

**«Гумбеталъул гIолилал» ДРООялъул вакилзаби ва жигарчагIи, районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировасул нухмалъиялда, ана чвахун цIадаз зарал кьураб Гъоркь Инхо росулъе. Гьезул мурадлъун букIана ккараб зарал рукIалиде ккезаби. 30ялдаса цIикIкIун гIолилас горо-цIергун чвахун цIад бан бихxараб мина гамачI-ракьалдаса, хъарщицIулалдаса бацIцIад гьабуна.**

МухIамад Зубайировас абуна бакълъулазул гIолилал хадурккунги хIалтIизе ругин инхдерие кумек гьабиялда. ГIолилал цереккунги хIалтIана ДРялъул гIолилазул ишазул рахъалъ министерствоялъул хIалтIухъабигун цадахъ Гъоркь Инхоб балеб бугеб цIияб мажгиталъул тIоцебесеб тIалаялдаса щалай нахъе баччиялда ва къварилъи ккарал гIадамазе кумек гьабиялда.

**«Гумбет» РИО**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Пусть минуют вас потери

**Невынашивание беременности, или ее произвольное прерывание, является серьезнейшей проблемой современной медицины.**

В зависимости от срока прерывания различают самопроизвольный выкидыш и преждевременные роды.В отечественном акушерстве самопроизвольным выкидышем принято считать прерывание беременности в сроке до 28 недель. Прерывание беременности на сроках 23 -37 недель'называют преждевременными родами. Потеря двух беременностей считается уже привычным невынашиванием. Установлено, что риск потери беременности после первого самопроизвольного выкидыша составляет 17%, а после 2-х самопроизвольных прерываний риск потери желанной беременности возрастает более чем в 2 раза и составляет 36-38%. В 2018 году в нашей республике 1542 женщин столкнулись с самопроизвольным прерыванием беременности Каждый случай невынашивания требует пристального внимания со стороны врачей.

Причем выявлять причину прежних неудач и проходить курс реабилитации, было бы правильно до следующей беременности.

Первый шаг - это консультация терапевта, который может выявить какие либо хронические заболевания у женщины, например гипертония, пороки сердца, сахарный диабет, заболевания почек, щитовидной железы, которые обостряются во время беременности, могут стать причиной или пусковым механизмом прерывания беременности на любом сроке. Если же вы знаете о своих «болячках» то до зачатия следует пройти курс лечения основного заболевания.

Затем необходимо посетить гинеколога, который обследует вас на инфекции (внутриутробные и передающие половым путем) и гормоны, а так же предложит провести УЗИ органов малого таза (матки и яичников).

Если у вас уже были случаи невынашивания, то потребуется более углубленное обследование: проверка состояния маточных труб и полости матки, УЗИ гениталий в первой и второй фазах менструального цикла, расширенное гормональное обследование.

Считается, что на ранних стадиях беременности они могут вызвать гибель плода, а на поздних - инфицирование плодного пузыря, что приводит к раннему излитию околоплодных вод и присоединению вторичной инфекции, а так же спровоцировать задержку роста плода, и проверкой на инфекции. Определение группы крови и резус фактора, а так же на наличие волчаночного антикоагулянта.

Очень часто необходима, учитывая высокий процент лизкородственных браков в нашей республике, консультация генетика. Все необходимые анализы обязательно дополняются обследованием супруга.В основном причин невынашивания бывает несколько, но какая - то из них является ведущей. Среди причин невынашивания в нашей республике из года в год на первом месте находятся инфекции - перинатальные и передающиеся половым путем.

Самыми распространенными на сегодняшний день остаются хламидии, уреоплазмы, микоплазма, токсоплазмы, цитомегаловирус, вирус простого герпеса. В большинстве случаев инфекции протекают малосимптомно или вообще, без каких либо признаков и чаще всего выявляются при рутинном обследовании женщин во время беременности. Важно подчеркнуть, что в случае обнаружения инфекций передающихся половым путем, лечение должны получить оба супруга. Как правило, беременной женщине лечение назначаются после 16 недель, то есть тогда когда заканчивается формирование плаценты,

защищающей будущего малыша от воздействия лекарственных препаратов. Причем из обширного спектра современных антибиотиков применяют лишь те препараты, которые не проникают через плаценту и не оказывают вредного влияния на плод. На втором месте прочно «обосновались» гормональные нарушения, которые наиболее часто вызывают прерывание беременности в I триместре - по типу неразвивающейся беременности или анэмбрионии.Гормональные нарушения чрезвычайно многообразны, по-разному проявляются и очень часто связаны с нарушениями менструального цикла. Возможными признаками гормональных нарушений являются - усиленный рост волос на теле и лице, акне, повышенная сальность кожи.

Для того чтобы выяснить, есть ли у будущей мамы гормональные нарушения, берут кровь на гормоны, а также мочу для специального анализа (суточная моча на 17-КС). Если что-то не в порядке, например уровень мужских гормонов выше нормы, то лечение необходимо проводить как до зачатия, так и во время беременности, начиная с самых ее ранних сроков. Терапия, проведенная в период беременности, не отразится негативно на будущем ребенке.Среди достаточно распространенных причин невынашивания называют разнообразные анатомические дефекты матки, такие как, перегородка внутри матки, а также, седловидная, однорогая, двурогая матка.

Другими патологическими изменениями матки, которые могут привести к прерыванию беременности, являются синехии полости матки (множественные перегородки, которые возникают внутри нее после многочисленных. абортов, воспалительных заболеваний), миома (доброкачественная опухоль матки). Для уточнения диагноза проводят УЗИ гениталий, гистеросальпингографию, рентгенографию матки и труб, исследование полости матки (гистероскопия), при необходимости томографию и лапароскопию.

Истмико-цервикальная недостаточность - еще одна причина невынашивания, имеет место у 40 % женщин (в РФ). Истмико - цервикальная недостаточность - нарушение сократительной способности шейки матки, когда она раскрывается и не может удержать плодное яйцо: происходит выкидыш. Для сохранения беременности необходима хирургическая коррекция патологии шейки матки, которую проводят в сроке 16-17 недель в стационаре.

Иммунологические нарушения - еще одна серьезная проблема, которая связана с невынашиванием. Нарушения иммунитета обычно бывают у женщин с привычными выкидышами. Изучается роль в этом процессе так называемого антифосфолипидного синдрома, когда в организме образуются антитела к собственным фосфолипидам - одному из основных строительных материалов клеток. В результате воздействия антифосфолипидных антител происходит разрушение капилляров матери и плаценты, нарушение питания плода, что приводит к внутриутробной гибели. Для установления диагноза проводят обследование на волчаночный антикоагулянт и антитела к фосфолипидам вне и во время беременности.

Имеет значение и несовместимость по группе и резус-фактору крови матери и плода. Если ребенок унаследует положительный резус-фактор отца, то между резус- отрицательной мамой и резус-положительным ребенком может возникнуть резус- конфликт. Организм женщины воспринимает клетки крови плода как чужеродные, начинает вырабатывать резус - антитела. Они разрушают клетки крови плода, возникает дефицит кислорода, от которого страдают все органы, а в тяжелых случаях развивается гемолитическая болезнь, которая может привести к гибели плода.

В настоящее время беременность при отрицательном резусе уже перестала быть такой проблемой. Вам понадобится регулярно исследовать кровь на титр антител (до 30 недель - 1 раз в месяц, после 30 недель - 1 раз в неделю), возможно несколько чаще проводить УЗИ плода и трижды (I, II, III триместры) проводить десенсебилизирующую терапию.

Этот печальный список можно продолжить: стрессы, физические перегрузки, плохая экология, вредные факторы, связанные с работой, вредные привычки, которые способны усугубить имеющиеся изъяны в организме. Однако наши женщины очень часто считают, что причиной самопроизвольного выкидыша у них явились физические (падение, ушибы, тяжелый труд) и психические травмы, которые, по мнению медиков сами по себе редко становятся причиной невынашивания и являются лишь пусковым механизмом для реализации невыявленной патологии.К сожалению, бывает так, что даже после двух, трех выкидышей женщина, не выяснив причину невынашивания, беременеет вновь. Естественно причины сами по себе не исчезают, и неблагоприятный исход беременности повторяется вновь и усугубляет ситуацию.

Каждой женщине, пережившей потерю беременности, важно помнить, что предотвратить проблему невынашивания можно. Для этого Вам необходимо до наступления новой беременности пройти комплексное обследование и провести курс реабилитационной терапии.

**Мадина Кебедова,**
**врач акушер-гинеколог**
**Гумбетовской ЦРБ**

# Оперативно-профилактическая операция «Твой выбор-2019»

**На сегодняшний день воспитание детей рассматривается как стратегический общенациональный приоритет, требующий усилия различных институтов гражданского общества и ведомств на федеральном, региональном и муниципальном уровнях.**

С 13 по 20 мая 2019 года в Гумбетовском районе как и в других городах и районах республики проводилось оперативно-профилактическое мероприятие «Твой выбор».

Цель оперативно-профилактического мероприятия - предупреждение преступности среди несовершеннолетних, предотвращение распространения деструктивных концепций и криминальной субкультуры в подростковой среде.

Так в рамках оперативно-профилактического мероприятия «Твой выбор» сотрудники полиции провели лекцию и беседу для учащихся 7-11-х классов МКОУ Чиркатинской СОШ.

Инспектор по делам несовершеннолетних разъяснил подросткам, с какого возраста наступает уголовная ответственность и какое наказание предусмотрено за совершение преступлений. В беседе с учащимися сотрудники полиции рассказали ребятам, как не стать жертвой преступления, были подняты вопросы безопасности жизни и здоровья учащихся.

Кроме этого, детям разъяснено, чем грозит размещение на личных страницах в социальных сетях запрещенного законодательством Российской Федерации контента: видеороликов, аудиозаписей, символики и любой другой информации, содержащей признаки экстремизма. Ребятам разъяснили существующее в Российской Федерации законодательство по борьбе с наркоманией, напомнили об административной и уголовной ответственности за хранение, употребление и распространение запрещенных веществ.

**ОМВД России по**
**Гумбетовскому району**

ЗИГАРАБИ

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул, информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасда, кIудияв эбел Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хваралъе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, гIемерал соназ районалъул газеталъе нухмалъи гьабурав УхIумагьази Нажуев Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьесул лъималазда ва гIага-божаразда.**

**Аллагьас ахират лъикIаб кьеги хварасе.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго корреспондент Макка МухIамадовалда, кIудияв эбел Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе Алжан насиблъаги.**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.